


Janjak ak Freda ale Mache An Fè

Otè : Elizabeth Turnbull

Desinatè : Mark Jones



Janjak ^{ak} Freda ale Mache An Fè

Otè : Elizabeth Turnbull
Desinatè : Mark Jones

Copyright © 2013 pou Elizabeth Turnbull
Dwa d otè © 2013 pou Elizabeth Turnbull
Janjak ak Freda ale Mache An Fè

Se Mark Jones ki fè desen yo

Se Light Messages Publishing ki pibliye liv la
www.lightmessages.com
Durham, North Carolina
ISBN: 978-1-61153-062-9


Depo Legal
Creative Commons CC BY-NC-SA 4.0

*Liv sa a dedye a memwa Joan Martineau
ki te gen yon kè plen lanmou pou ti moun peyi d Ayiti*




Yontaptap ki pentire ak bèl desen rete devan
Mache An Fè Pòtoprens lan. Janjak ak ti kouzin li,
Freda, ouvri je yo byen laj pou yo gade.

Yo tou lè de di nan menm moman ak vwa yo ki
byen eksite : « Marenn, gade ! » Yo vire gade
Madan Pyè, ki te mennen yo fè yon premye vizit
nan mache tout moun t ap pale a.




Janjak di : « Ala gwo li gwo ! »

Freda reponn « Ala bèl li bèl ! » Li leve je l gade
pandil la jouk an lè nan tèt mache a devan yo, li di :
« Se premye fwa ke m janm wè yon bagay kon sa. »



Madan Pyè wè yon mesye k ap vann fresko bò antre mache a. Li di ti moun yo : « Kous taptap la te long epi te gen anpil pousyè. Mwen konnen egzakteman ki sa nou bezwen pou n rafrechi nou. »

Janjak wè kote maren li ap voye je l. Li kriye byen fò : « Fresko ! »




Machann fresko a pran anpil swen pou l graje de (2) bèl fresko.
Li mete yo nan kònè pou ti moun yo.


Li mande ti moun yo avèk yon gwo souri : « Ki siwo n vle m mete
pou nou ? »

Freda di : « Mwen vle seriz, tanpri ».

Janjak reponn : « Mete mant nan pa m lan ».

Ti myèl yo ki t ap vonvonnen boutèy yo sanble yo renmen tout
kalite siwo.





Lè yo antre nan gran sal mache a, Janjak ak Freda kanpe gade byen sezi lè yo wè kantite moun ki gen nan mache a. Mouvman foul la fè Janjak sonje kouri foumi lè l konn pile nich yo pa aksidan.

Foul la sanble kòm si l ap vire fè wonn nan mache a, gwo panye ak sak lou sou tèt yo ak nan men yo. Janjak ak Freda te konn wè sa ap fèt nan ti mache bò lakay yo a. Men, yo pa t ko janm wè anpil moun kon sa. Freda panse mache sa a gen plis moun pase tout bouk kote l rete a.



Madan Pyè mennen ti moun yo wè yon machann fwi. Tab devan li a te ranje ak pil mango byen jòn. Mango yo te kòmanse gen ti tach sou yo ki montre yo fin mi byen dous. Apa mango, te gen pat fig, grap kenèp, pil kachiman, ak kèk gwo kowosòl.

Madan Pyè di : « Mesye Josèf, m ap prezante w fiyèl mwen yo, Janjak ak Freda. »




Janjak ak Freda tou lè de salye Mesye Josèf : yo di « Bonjou ! » jan manman yo te aprann yo.

Mesye Josèf reponn : « Bonjou, ti moun. Ki jan nou ye jodi a ? »

Janjak reponn : « Nou trè byen, mèsi ! Marenn mennen nou vin wè Mache An Fè. »

Madan Pyè di Mesye Josèf : « Mwen gen pou m wè avèk kèk nan machann yo ki nan mache a. Tanpri, èske w ta ka voye je sou Janjak ak Freda pandan m ap pale ak machann yo ? »




Madan Pyè ajoute : « Y ap trè obeyisan epi yo p ap fè dezòd. Èske se pa vre, ti moun ? »

Freda reponn : « Wi, Marenn, nou pwomèt ou sa. »

Mesye Josèf fè yon gwo souri epi l reponn : « Men, wi, m ap byen kontan voye je sou ti moun yo. Janjak ak Freda gade Madan Pyè disparèt nan foul mache a. Yo reflechi sou tout bagay li ta pral wè. Yo pa di anyen. Men, yo te anvi ale wè tou.



Mesye Josèf mande : « Èske n renmen sa ? » Li leve yon gwo pake kenèp montre ti moun yo. Kenèp yo si tèlman mi, po yo prèt pou pete.



Janjak reponn byen vit : « Wi, souple ! » Bouch li kòmanse fè dlo tèlman l anvi souse yon kenèp. Kenèp se yon bagay ke l pi renmen manje kòm amizman. Li renmen gou chè a jan li ni dous ni si an menm tan.

Freda di : « Men, nou pa gen lajan pou n peye pou yo. »

Mesye Josèf reponn : « Ebyen, grandèt toujou di ke moun ki pa manje pou kont yo pa janm grangou. » Li kase yon bél grap kenèp lonje bay chak ti moun.

Janjak ak Freda souse kenèp yo san yo pa di anyen. Men, yo gade tout aktivite mache a. Machann yo te ranje bak yo ak tab yo an ranje youn a kote lòt pou yo ofri machandiz yo te genyen pou yo vann.


Ti moun yo koute moun ki te vin
achte k ap machande nan chache
dènye pri ak machann yo. Gen sa ki
t ap pale kòm si yo pa kontan. Men,
Janjak ak Freda te byen konnen ke
se kòm si yo t ap jwe paske yo t ap
toujou tonbe dakò ak machann yo.



Mesye Josèf wè ki jan ti moun yo t ap gade machann yo. Li mande yo : « Èske n ta vle fè konesans kèk lòt machann ? »


Freda reponn : « Wi, nou ta byen kontan si sa pa fè anyen. »


Mesye Josèf di yo : « Ale amize n. Men, pa ale twò lwen. Mwen pwomèt Madan Pyè pou m voye je sou nou. »



Freda ak Janjak pa pèdi tan pou yo kòmanse pwomennen nan gwo koulwa mache a.

Se te kòm si tout bagay yo te ka imagine te la devan yo nan koulwa sa a. Te gen yon mesye ki t ap vann bale, bokit, ak lòt bagay pou kay. Yo wè yon atizan ki t ap vann bél tablo li te dekoupe nan tòl. Yon machann jwèt te gen tout kalite ti machin li te fè avèk ti bwat ak boutèy plastik. Epi tou, li te gen ti machin ak bél poupe ki sòti nan lòt peyi.





Freda li menm, sa ki te pi tire atansyon l se te machann rad la. Li te gen wòb tout koulè kwoke youn bò kote lòt. Koulè yo te sanble yon lakansyèl ki pase sou tèt mòn yo apre yon gwo lapli. Men, sa ki te pi enterese l se te pil bèl mouchwa yo. Freda te renmen vlope tèt li ak mouchwa grann li pou l fè kòm si l te yon bèl demwazèl tou gran.

Sa ki te sou tèt pil la te pi bèl pase tout. Se te yon mouchwa wouj ak desen woz ak ble tou viwonnen ansanm. Ala bèl mouchwa sa a ta bèl nan tèt grann li.

Freda di : « Demen se fèt anivèsè nesans Grann. Èske mouchwa sa a pa ta fè l byen ? »


Janjak reponn : « Èske w blyie ? Nou pa gen lajan pou n achte mouchwa. »

Freda reponn : « Wi, mwen konn sa. » Li rann yon ti soupi epi l di : « Se sèlman reflechi m t ap reflechi... »



Yon vwa sevè dèyè pil rad yo di : « Pa manyen sa. Ti moun toujou gen men sal ki ka gate afè m. » Machann rad la gade Janjak ak Freda byen di.

Freda rale men li tousuit. Li lage l bò kote l. Li pa t panse li te fè anyen ki te mal. Se sèlman gade l t ap gade.



Freda reponn : « Mwen mande w eskiz. Mwen pa t vle fè sa ki pa sa. Se sèlman ... »

Nan moman sa a, te gen yon gwo bri ki fèt nan antre mache a. Freda ak Janjak te tandem rèl kabrit la anvan yo wè l vire kouri desann ale kote yo te kanpe a. Kabrit la t ap trennen yon kòd dèyè l.

Mèt kabrit la t ap kouri dèyè l. Li t ap rele « Rete la. Tounen vin jwenn mwen ! »

Kanta kabrit la li menm, li pa t fè okenn lide pou l te okipe mèt li.



Mèt kabrit la lonje pou l pran kòd la. Men, kabrit la fè mouvman pou l eskive mèt li. Pandan kabrit la ap vòltije pou l chape, li frape tab ki te an fas machann rad la. Li jete ni diri, ni pwa, ni mayi moulen ki te sou tab la. Mèt kabrit la glise sou gress diri, pwa, ak mayi moulen ki te tonbe a tè yo. Sa te fè yon bél mayi moulen ak sòs pwa ki te pèdi lè sa a.



Nan chache kenbe kò l pou l pa tonbe, mèt kabrit la kenbe pil rad yo epi yo tonbe ansanm avè l. Kabrit la pwofite pou l chape ankò, epi li kouri a goch e a dwat avèk mèt li dèyè l.

Janjak ak Freda te oblige ri tout betiz kabrit la te fè. Yo pa t janm konn wè evènman kon sa nan lakou lakay yo.





Mesye Josèf vin ede machann rad la ki te byen fache. Li mande l : « Ki jan w ye, Madan Jan? Èske w byen ? »

Madan Jan rele : « Gade ! Kabrit la kouri ak pye sal li sou wòb sa a. Ki jan mwen pral fè pou m vann yon wòb ki pa pwòp ? »

Freda di li : « Pa trakase w, Madan Jan. Nou pral ede w avèk sa. »

Madan Jan leve je l gade l. Li di : « Ede m ? Ki jan de (2) ti moun ta ka ede m ? »



Freda pa reponn. Li te gentan
pati ak Janjak dèyè l.

Janjak mande : « Ki sa w pral fè ? » Li te deja konn wè Freda pran devan kon sa. Ki fè l te konnen lè kon sa nanpwen chanje lide ti kouzin li a.

Freda ale jwenn machann bale a. Li mande l prete yon bale.

Freda vire bay Janjak bale a. Li di l : « Ou kapab ale bale manje ki te tonbe yo pou okenn lòt moun pa pèdi pye sou yo jan mèt kabrit la te fè. » Freda reflechi : « Si sèlman mwen te ka ede Madan Jan lave wòb li a ... »



Janjak lonje dwèt li sou yon machann savon ki te jouk an ba nan bout koulwa a. Li di : « Pou ki sa w pa al mande l si l ta fè nou kado yon ti savon ? »

Lè Freda gade, li wè machann savon an te gen yon bokit plastik bò kote l. Freda panse pètèt yo ta ka prete bokit la tou.


Lè Freda tounen ak bokit,
dlo, ak savon, Janjak te gentan
bale tout diri, pwa, ak mayi moulen
ki te tonbe yo. Li t ap ede
Madan Jan ranje pil rad ki
te gaye yo.



Freda pran wòb woz la epi l mouye kote pye kabrit la te sal li a. Li pase yon ti savon sou kote ki sal la. Freda kòmanse fwote wòb la jan manman l te montre l lè yo konn ale nan dlo pou yo fè lesiv.

Li kontinye fwote rad la tou dousman jouk mak la disparèt epi wòb la vin tou nèf ankò.

Freda di : « Gade ! Madan Jan, wòb ou a pa sal ankò. Kounye a ou ka vann li. » Epi li di kon sa : « An tou ka, ou ta dwe kite l seche avan ou mete l vann. »



Madan Jan fè yon gwo souri epi l di :
« Mèsi, ptit mwen. » Apre sa, li rete, li
gade Freda, li mande l : « Pou ki sa w
ta vle pase tout traka sa a pou yon vye
fanm gran moun tankou m ? Ou pa
menm rekonèt mwen. »

Freda reponn : « Nou pa te ka fè sa
pou kont nou. Machann bale a,
machann savon an, ak mesye nan
ponp dlo a tout te ede nou. Marenn
nou toujou di nou 'Men anpil, chay pa
lou.' »



Madan Jan gade Freda ak Janjak. Li mande yo : « Pou ki sa nou t ap si tèlman gade mouchwa wouj sa a talè a ? »

Janjak reponn tou wont : « Demen se fèt grann nou. Nou te panse mouchwa sa a ta fè li byen anpil. Men, nou pa gen lajan pou n achte l. Se sèlman gade nou t ap gade. »



Madan Jan reflechi yon moman, epi l pran mouchwa a. Li di ti moun yo : « Gen yon lòt dizon ki di 'Kiyè al kay ganmèl ; se pou ganmèl mache kay kiyè tou.' Nou dwe ede moun ki ede nou tou. Pran mouchwa a pote bay grann nou. Di li kon sa Madan Jan ki nan Mache An Fè di li ta dwe byen fyè ti pitit li yo.

Freda mete danse. Li mande : « Tout bon ? » epi li di « Mèsi, mèsi ! » san tann repons.

Janjak reponn : « Mèsi anpil, anpil ! » Li pran mouchwa a. Apre sa, li rete li gade Madan Jan. Li souke tèt li, li di : « Nou pa t ede w pou w te ka ban nou mouchwa a. Mwen kwè li ta pi bon pou w kenbe l pou w ka vann li. »

Madan Jan reponn : « Pitit mwen, se sa menm ki fè m ban nou l. Se yon kado mwen ofri nou pou m di nou mèsi, epi tou, pou m di nou mwen regrès jan m te pale avèk nou lè nou te fèk vini kote m nan. »




Lè sa a, Madan Pyè tounen.


Li mande : « Èske nou te janti, ti moun mwen yo ? »

Mesye Josèf mache vini kote yo. Li reponn pou yo : « Yo te byen janti. Yo bay bon kout men. Ou mèt mennen fiyèl ou yo vin wè nou nenpòt lè w vle, Madan Pyè. »

Madan Jan ajoute : « Wi, nenpòt lè. »

Ti moun yo mete yon men nan men Madan Pyè epi yo chak leve lòt men yo a pou yo voye babay pou zanmi yo te fè yo. Yo vire tèt yo epi yo di byen fò : « A pi ta ! »
Machann yo reponn : « A pi ta ! »





Byen lwen nan mache a, yo tande yon
kabrit k ap kriye : « Baaa aaaa ! »

Tout moun ri.

Konsènan Mache An Fè

Mache An Fè ann Ayiti gen yon istwa ki enteresan anpil. Mache a te bati nan Pòtoprens, kapital peyi a nan ane 1891. Depi lè sa a, li sèvi kòm yon referans ak yon senbòl ki enpòtan pou Ayiti. Men, jan mache a te vin rive nan peyi d Ayiti se yon lòt istwa.

Mache An Fè te konstwi moso pa moso an Frans nan ane 1889. Li te fèt sou kòmann pou peyi Lejip kote yo t ap pral sèvi ak li kòm estasyon tren nan vil Kè, kapital peyi a. Lè afè avèk Lejip la vin kontraye, Prezidan Florvil Hyppolite achte li pou l sèvi kòm yon bèle mache modèn nan Pòtoprens. Mache a gen twa non. Li rele « Mache Hyppolite », li rele « Mache An Ba ». Men, pi souvan, tout moun pran gran plezi pou yo rele li « Mache An Fè ».

Gran tranbleman tè ki te fèt nan ane 2010 la te domaje mache a. Kominote entènasyonal la mete ansanm avèk Ayiti pou yo sove mache a epi yo bati li ankò. Mache An Fè ki tou nèf la pi solid toujou. Kounye a, li ka reziste siklòn ak tranbleman tè. Li menm genyen pano solè.






Elizabeth Turnbull te fèt ann Ayiti. Sa l te konn tandem ak sa l te konn wè depi l te ti moun piti, li mete tout nan istwa l ekri pou ti moun yo. Lè li te jèn, li te konn pran plezi nan chita sou janm paran ansanm ak gran frè li yo pou l koute istwa yo t ap li pou li. Lè l te vin konn li, sa te fè l kontan anpil pou l te ka tire istwa nan liv pou kont li. Elizabeth fè etid panyòl ak jounalis nan Inivèsite Wake Forest. Apre sa, li fè metriz nan etid sou Amerik Latin ak Karayib nan Florida International University.

Kounye a, l ap travay kòm Editè an Chèf pou piblikasyon Light Messages kote se tou lè jou li jwenn istwa li renmen nan maniskri otè yo. Elizabeth rete Durham, NC, avèk mari li ansanm ak bèlfli li. Ansanm y ap devlope yon ti fèm kote yo swete jwenn anpil avanti ak pwòp istwa pa yo.

Mark Jones, atis ki kreye desen yo, te fèt an Swis e li te leve an Florid. Li diplome nan School of Visual Arts New York. Kounye a, li rete nan vil Lonn ann Angletè. Mark fè desen pou anpil liv ti moun ; pami yo genyen *Mermaid Dance*, *Butterfly Birthday* ak *Snow Party* ki te premye liv desen li.



Sa se premye liv nan seri istwa bileng *Janjak ak Freda*, de (2) ti kouzen ki al vizite Mache An Fè avèk maren yo. Yo fè zanmi, yo manje fwi, epi yo fè yon bél avanti. Yo montre ki jan sa bon pou ede lèzòt lè yon kabrit ki chape fè dega nan mache a. Liv la chaje ak desen ki gen tout kalte koulè e ki byen mache ak istwa a. Desen yo si tèlman bél y ap envite ti moun yo fè pwòp avanti pa yo.

